

Kisa w dwe konnen sou Sipèvizyon Tribinal la Òdone?



Kisa ki yon Sipèvizyon tribinal la òdone (Court-Ordered Supervision, COS)?

Sipèvizyon tribinal la òdone se lè yon jij nan Tribinal pou fanmi decide Administrasyon pou Sèvis timoun dwe veye sou sekirite timoun ou yo pandan w ap resevwa sipò ak respekte objektif tribinal la fikse.

Kisa ki sèvis prevansyon ACS la?

Se òganizasyon kominotè yo ki pwopoze sèvis prevansyon yo epi ki ede fanmi yo reponn ak bezwen yo epi kenbe timoun yo an sekirite. Sèvis yo gratis ak volontè epi yo disponib pou tout fanmi, menm si gen ankèt oswa menm si pa gen ankèt ki louvri nan Administrasyon pou Sèvis timoun.

- ACS:** Administrasyon pou Sèvis timoun
- COS:** Sipèvizyon tribinal la òdone
- CSC:** Konferans sou sekirite timoun
- CPS:** Espesyalis pou pwoteksyon timoun
- DCP:** Depatman pou pwoteksyon timoun
- FCLS:** Sèvis Jiridik nan tribinal pou fanmi
- FSU:** Inite Sèvis pou Fanmi
- FTC:** Konferans pou ekip famiyal
- SCR:** Rejis Santral pou Eta a

KISA KI TE PASE DEJA?

1 ANKÈT ADMINISTRASYON POU SÈVIS TIMOUN

Gen yon apèl konsènan sekirite yon timoun ki te fèt nan **NY SCR** après a yo te voye l nan administrasyon pou sèvis timoun.

Yon Espesyalis pou pwoteksyon timoun ki sòti nan **Administrasyon pou Sèvis timoun ak Depatman pou pwoteksyon timoun** te ankete sou pwoblèm sekirite timoun ou yo epi yo te detèmine fanmi w la bezwen yon suivi ak yon sipò nan men administrasyon pou sèvis timoun pou ranfòse sekirite timoun ou yo.

2 LI KÒMANSE AK SIPÈVIZYON TRIBINAL LA ÒDONE

Administrasyon pou sèvis timoun te òganize yon **Konferans sou sekirite timoun** avèk fanmi w.

Administrasyon pou sèvis timoun te detèmine pwoblèm sekirite yo te ase grav pou li mande yon **Sipèvizyon tribinal la òdone nan yon tribinal pou fanmi**. Tribinal pou fanmi te aksepte Sipèvizyon tribinal la òdone epi li te idantifye objektif espesifik ki dwe atenn pou kanpe ak Sipèvizyon tribinal la òdone.

3 SÈVIS POU KÒMANSE

Depi Sipèvizyon tribinal la òdone kòmanse, Depatman pou pwoteksyon timoun asiye yon **Espesyalis Inite Sèvis pou Fanmi** pou sipòte fanmi w.

Se Depatman pou pwoteksyon timoun oswa **Espesyalis Inite Sèvis pou fanmi** ki te oryante fanmi w nan sèvis prevansyon **gratis ak libelibè** k ap sipòte fanmi w.

KISA K AP PASE APRE?

Fanmi w ap jwenn sipò Espesyalis Inite Sèvis pou fanmi ak Sèvis Prevansyon pou trete kesyon ki gen rapò ak enpak pou sekirite timoun. Yon planifikatè dosye pral travay pwòch avèk fanmi w pou reyalize objektif ki gen rapò ak òdonans tribinal la.

Planifikatè dosye sa a ka konfime patisipasyon w nan sèvis ki nan tribinal la ak bay avi li konsènan patisipasyon w nan sèvis yo, pwogrè ki ap fè w atenn objektif ou yo ak sekirite timoun ou yo.

Lè **Sipèvizyon tribinal la òdone fini**, patisipasyon Espesyalis Inite Sèvis pou fanmi a fini tou. Sèvis Prevansyon ka toujou disponib pou fanmi w, si w vle kontinye ak sèvis yo.

Kiyès k ap sipòte w pandan Sipèvizyon tribinal la òdone?



Planifikatè Dosye yo ak fanmi w pral travay ansanm pou kore byennèt fanmi ou. Planifikatè Dosye a ka ba ou referans ak plizyè sèvis pou jere bezwen fanmi w. Yo ka gen lòt tit tankou konseye, terapet fanmi, oswa travayè sosyal.

Y ap travay pou òganizasyon kominotè, yo pa travay pou administrasyon pou sèvis timoun.



Defansè Fanmi ak Asistan Dosye yo kapab sipòte fanmi w tou. Yo kapab jwenn resous kominotè, asiste nan reyinyon avèk fanmi w, epi reponn kesyon yo. Disponiblite yo varye selon pwogram nan. Yo ka gen lòt tit tankou Asistans Paran oswa Travayè Familyal.

Y ap travay pou òganizasyon kominotè, yo pa travay pou Administrasyon pou sèvis timoun.



Espesyalis Inite Sèvis pou Fanmi travay pou Administrasyon pou sèvis timoun epi sipòte fanmi yo pou reyalize objektif ki gen rapò ak sekirite timoun nan, reponn ak bezwen l yo, fè pwomosyon byennèt fanmi ak pèmanans, epi li oryante fanmi yo nan sèvis yo.



Avoka ou a reprezante w nan tribinal la. Si w pa gen avoka epi ou pa kapab peye youn (1), tribinal la ap chwazi youn (1) pou ou. Ou gen dwa pou yon avoka reprezante w nan tribinal la.

Ki lòt moun k ap sipòte fanmi w?

Avoka FCLS travay pou administrasyon sèvis timoun. Yo reprezante Administrasyon Sèvis timoun nan tribinal pou fanmi pou asire yo sou sekirite timoun yo. Yo kolekte enfòmasyon ki ajou nan men pèsonèl sèvis pou prevansyon ak Inite Sèvis pou Fanmi konsènan pwogrè fanmi a pou li atenn objektif yo te ba li nan tribinal pou fanmi a.

Avoka lòt responsab swen reprezante lòt responsab swen timoun yo nan tribinal. Si yo pa gen avoka oswa yo pa kapab peye youn (1), tribinal la ap chwazi yon avoka pou reprezante yo.

Avoka timoun yo tribinal la deziyen l pou reprezante pi bon enterè timoun ou yo.

Lòt sistèm sipò li sòti nan òganizasyon kominotè oswa administrasyon sèvis timoun ka mete kanpe pou reponn ak bezwen espesifik fanmi ou a. Gen kèk egzanp tankou sèvis èd lakay, founisè swen medikal epi/oswa sante mantal, ak soutyen jiridik pou enkyetid ki gen rapò ak imigrasyon.



Konsèy pou RISE: “Poze valè kesyon ou kapab pou konprann dosye ou a ak plan sèvis ou a. Se lavni fanmi w. Si w toujou pa klè, mande yon konferans.”

RISE se yon òganizasyon ki pa chèche fè pwofi k ap defann ak valorize paran ki konsène ak Administrasyon Sèvis Timoun. Jwenn plis enfòmasyon nan RiseMagazine.org